STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 13 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA DE BLASIO ANONSE PWOTEKSYON LOJMAN ABÓDAB POU NOUYÓKÈ KI GEN REVNI FÈB YO KAP VIV AVÈK SIDA/VIH

30 Pousan nan Barèm revni an te ajoute pou pwogram asistans lwaye vil New York pou moun kap viv avèk SIDA/VIH

Aksyon Pwoteje plis pase 10,000 Nouyòkè Vilnerab kont sanzabri

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Majistra Bill de Blasio te anonse jodia yon nouvo pwoteksyon lojman abòdab pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo kap viv avèk SIDA/VIH. Avèk anons jodia, Nouyòkè yo ki andikape de fason pèmanan pa SIDA/VIH ak resevwa asistans lwaye pral peye pa plis pase 30 pousan nan revni yo pou lwaye. San prediksyon sa a, plis pase 10,000 Nouyòkè kap viv avèk SIDA/VIH yo refize ba yo lojman abòdab e egzije pou yo peye alavans 70 pousan nan revni andikap yo nan lwaye yo.

“Aksyon sa a pral asire ke plizyè milye Nouyòkè kap viv avèk SIDA/VIH pa pral chwazi ankò ant peye pou lwaye yo ak peye pou manje ak lòt depans pou lavi ki esansyèl,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan aplike barèm 30 pousan revni pou lokatè ki gen revni fèb yo kap viv avèk SIDA/VIH, nap pwoteje Nouyòkè ki nan bezwen yo ak rann kominote nou yo pi fò, ansante, ak gen plis konpasyon pou tout moun.”

Majistra de Blasio de deklare, “Mwen fyè anpil pou m travay avèk Gouvènè Cuomo pou bay kèk mezi sekirite a moun yo ki gen difikilte avèk efè feblès SIDA/VIH. E pandan nou vini sou tab la pare pou asime detyè nan depans pwogram sa a e akoz angajman nou pou soulve moun ki pi vilnerab yo pami nou. Sa a se mak yon vil ki gen konpasyon.”

Senatè Brad Hoylman te deklare, “Gouvènè Cuomo merite lwanj nou pou desizyon l pou pwolonje pwogram asistans barèm kontribisyon lwaye lojman abòdab pou moun ki gen revni fèb nan eta kap viv avèk SIDA/VIH. Desizyon l pou prevni sanzabri ak dramatikman amelyore sante ak byennèt plis pase 10,000 Nouyòkè vilnerab kap viv avèk SIDA/VIH. Desizyon Gouvènè a egalman bidjè trè entelijan ak règleman sante piblik pral redwi abri ijans ak pri swen sante ak pousantaj transmisyon VIH ki asosye avèk lojman ki enstab.”

Aktyèlman, pwogram lojman prensipal pou moun ki gen revni fèb yo kap viv avèk SIDA/VIH se asistans lwaye ki baze sou lokatè. Kòm pou lòt pwogram lojman eta pou moun ki gen andikap, rezidan ki gen fèb revni akoz de dezabilite benefis yo espere kontribye yon pòsyon nan avantaj sa yo nan lwaye yo. Kontrèman a tout lòt pwogram èd lojman dezabilite eta ak pwogram asistans lojman ki finanse pa federal, toutfwa, pwogram asistans lwaye New York pou SIDA/VIH pa enkli yon barèm 30 pousan nan kontribisyon ki egzije pou lokatè a.

Kounye a, anpil moun ki genyen SIDA/VIH nan abri dijans ak lojman sipòtif te ka viv de fason endepandan men yo pa kapab deplase paske yo ta gen pou peye plis lajan nan pri lwaye nan pwogram asistans lwaye a. Nan kreye pwoteksyon lojman abòdab la, Eta kapab pi byen sible kantite limite kabann lojman pou moun ki pi bezwen yo.

Etid yo te montre moun ki sanzabri ak sa yo ki gen lojman enstab se pwoblèm sante piblik enpòtan ki ogmante risk pou pran VIH ak transmèt li e negativman afekte sante moun kap viv avèk VIH. Kondisyon sa yo te mennen a sanzabri pou kèk moun, makonnen avèk plizyè defi paske ou vin sanzabri, sa ki lakoz yon risk pi elve pou pran VIH. Moun ki sanzabri oswa kap viv nan yon kay ki pa stab gen pousantaj enfeksyon SIDA/VIH ki twa a nèf fwa pi elve pase moun yo ki abite nan lojman stab.

Dan Teitz, direktè egzekitif Inisyativ Rechèch Kominotè Amerika SIDA, Dan Teitz, te deklare “Inisyativ lojman abòdab sa peye pou tèt li nan kenbe moun yo nan apatman yo ak andeyò abri ki koute chè yo. Li amelyore rezilta sante VIH e li asosye avèk pi bon aksè ak aderans a medikaman.”

Sean Barry, direktè egzekitif Vocal New York te deklare, “Aksyon sa a ranfòse misyon Gouvènè a ak Majistra de Blasio nan redwi depans ak kreye yon New York ki pi ansante, fò, ki pi responsab fiskalman nan prevni depans swen sante ki pa nesesè, enkli vizit nan sal dijans ak entène nan lopital, sa ki asosye avèk sanzabri ak lojman enstab.”

Ted Houghton, direktè egzekitif nan Rezo Lojman Sipò New York te deklare, “Aksyon jodia ap amelyore lavi ak ekonomize lajan. Kisa ki te kapab pi bon?”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole